



Kenise Lainé, yon manm Òganizasyon pou relve fanm ayisyèn lan, se yon patnè Oxfam Amerik, ki se you nan premye moun yo ki te fè eksperyans avèk sistèm rizikilti entansiv (SRI) a nan Lavale Latibonit. © 2011 Brett Eloff/Oxfam America.

# PLANTE KOUNYE A (DEZYÈM EDISYON)

RELANSE AGRIKILTI A : YON ASPÈ KI ENPÒTAN ANPIL POU  
DEVLOPMAN AN NAN KAD REKONSTRIKSYON PEYI DAYITI A

**Agrikilti-a an Ayiti te soufri twa deseni de kriz ak neglijan enstitisyonèl. Men, prèske 60 pousan Ayisyen nan peyi a ap viv nan zòn riral yo e yo konte sou agrikilti pou yo viv.**

**Pou rezon sa, agrikilti-a dwe jwe yon wòl santral nan rekonstriksyon aprè tranblemand tè-a. Sepandan, plan ak pwogram gouvènman ayisyen an ak kominote entènasyonal la te pwouve yo ensifizan pou ka revitalize sektè agrikòl a e amelyore kondisyon ti kiltivatè, ti kiltivatèz yo, e yo te echwe tou nan rekonèt wòl enpòtan ke fanm yo jwe nan agrikilti-a.**

**Gouvènman ayisyen an ak aktè prensipal yo nan agrikilti-a dwe kontinye bay priyorite ak devlopman agrikòl la, pandan ke yo ap ranfòse program à lon tèm pou ka ede Ayisyen yo remete yo sou de pye yo epi tou pou yo ka amelyore kondisyon lavi yo nan diyité.**

# REZIME

Tranblemann tè a ki te frape Ayiti jou ki te 12 janvyè 2010 la vinn mete plis fanmi nan lamizè epi pwoblèm devlopman peyi a yo vinn pi gwo. Tout sa vinn rann kondisyon lavi popilasyon an pi difisil. Plis pase 250 000 moun mouri epi 300 000 lòt te blese. Katastwòf sa te vinn paralize ekonomi a, sa ki te lakòz gouvènman an te anrejistre pèt ki evaliye a preske 120 % pwodui enteryè brut la (PIB). Yon lòt bò, espesyalis yo estime to kwasans ekonomik la ka rive ant 7 ak 9 % pandan lane 2012<sup>1</sup> lan ; youn nan rezon yo ki fè sa pral posib, se gras ak jefò yo ki fèt nan kad rekonstriksyon an. Kantite moun ki tap viv anba tant yo te 1,5 milyon. Chif sa bese pou'l rive jis 390 000 moun (dapre estatistik yo Òganizasyon entènasyonal pou migrasyon an « OIM », te pibliye nan mwa jwi 2012 la)<sup>2</sup> epi kapasite pou fè fas ak ouragan yo vinn ranfòse.

Malgres, li difisil anpil pou pwodiktè yo kapab viv epi okipe fanmi yo ak travay yap fè a. Politik agrikòl la pou liberasyon mache an ansyen prezidan a vi a, Jean-Claude Duvalier, te enplante nan lane 1983 epi lòt yo ki te vinn dèyè'l ki te kore politik sa nan divès nivo ; se youn nan prensipal kòz pwodiksyon agrikòl la te bese, ekspòtasyon yo te chute, enpòtasyon yo te ogmante, apui pou pwodiksyon viv te bese anpil epi investisman piblik yo ak asistans teknik yo te bese. Fenomèn sa te kreye yon sityasyon kote pwodiktivite, pwodiksyon nasyonal la ak revnu agrikòl yo te vinn bese. Lòt pwoblèm tou, se ensekirite kadas la agrikiltè yo viktim anpil epi depandans yo sou pwodui ki enpòte ak èd alimantè a. Tout sa vinn konplike sityasyon difisil sa sektè a ap viv.

Yon lòt bò, plis pase 90 % moun yo ki tap reponn kesyon nan kad rapò sa, tout sektè yo ansanm (Gouvènman ayisyen an, kominote entènasyonal lan oswa òganizasyon sosyete sivil ayisyèn yo), rete kwè lagrikilti se premye sektè pwodiksyon peyi a.

Men fason yap planifye pou yo devlope sektè agrikòl la an Ayiti gen gwo pwoblèm ladann. Pi gwo defi a rete sou yon bò, nan aplikasyon yon seri politik agrikòl ki pa reponn ak bezwen reyèl yo epi mank lajan pou sektè a; sou yon lòt bò, nan yon metodoloji ki bay preferans ak apwòch-pwojè devlopman an, pa apwòch-pwogram lan. Apwòch-pwogram lan vize òganizasyon ak devlopman sektè a sou yon peryòd ki pi long epi li kapab genyen, si Leta ayisyen a kapab pran responsabilite li, anpil enpak pozitif. Apwòch-pwojè a gen yon enpak tanporè sou sektè a, li pa dire lontan epi li pa pote bon jan solisyon dirab pou diferan pwoblèm yo.

Tout jefò moun ki ap bay lajan ak Gouvènman ayisyen an te fèt yo konsiderab men fòk yo double jefò sa yo nan bon jan investisman epi yon pi bon apui pou sektè agrikòl lan.

Se nan sans sa, nan kad aplikasyon PNIA a epi nan suiv prensip aprobasyon ak efikasite èd la, moun ki ap bay lajan yo dwe kontinue kore plan nasyonal yo ki ekri ansanm ak sitwayen yo.

Menm si genyen kèk feblès nan PNIA a, pwogram sa ofri posibilite pou bay sektè agrikòl la jarèt, yon sektè ki bezwen plis resous pou ranfòse ak demokratize, pami plizyè lòt, aksè ak sèvis, ak pwodui agrikòl, epi ak

enfrastrikti. Se aspè prensipal sa yo ki pou bay yon miyò pwodiktivite, yon pi bon pwodiksyon nasyonal ak kalite lavi agrikiltè yo paske konsekans la pral ke yap ka fè pi plis lajan. Ayisyen ansanm ak moun yo ki ap bay lajan dwe pran dispozisyon pou garanti efikasite aplikasyon PNIA a.

Gouvènman an ap genyen pou li :

- Fè PNIA a cheval de batay li epi pran tout dispozisyon pou garanti aplikasyon li ;
- Tabli yon lyen ant « Aba grangou » (yon inisyativ prezidans lan pou konbat grangou) ak politik agrikòl la ki se rezilta PNIA a, sou direksyon ministè Agrikilti a ;
- Ranfòse estrikti yo ki dekonsantre, sa vle di reprezantan lokal gouvènman an tankou Direksyon depatmantal agrikòl lan (DDA) ak Biwo agrikòl kominal lan (BCA), nan lide pou kowòdine pi byen aksyon yo epi aplike politik agrikòl lan, sou teren an menm ;
- Bay modèl devlopman lokal la priyorite, jan Konstitisyon 1987 la prevwa'l epi mete sou pye yon lwa-kad ki pral pèmèt tanmen pwosesis desantralizasyon a ak dekonsantrasyon sèvis Leta yo nan tout kolektivite teritoryal yo, nan lide pou planifye pi byen epi jere inisyativ lokal yo pou devlopman agrikòl la ;
- Bay politik agrikòl lan anpil enpòtans nan lide pou gen plis sekirite nan sistèm kadas lan. Sistèm jidisyè ayisyen an dwe fonksyone nan tou de lang ofisyèl yo, fransè ak kreyòl, epi tou bay peyizan yo yon asistans jiridik nan rezolisyon konfli ki gen awè ak tè ;
- Tabli metòd pou ranfòse òganizasyon peyizan yo pou ti agrikiltè yo ka defann dwa yo nan touy negosyasyon ki konsène yo, tankou nan kreyasyon yon politik komèsyal ki reprezante lide agrikiltè ak moun yo ki ap achte tou.
- Bay wòl fanm yo jwe nan komès pwodui agrikòl yo plis enpòtans nan politik agrikòl lan. Nan sans sa tou, divizyon travay lan ant fi ak gason dwe youn nan prensipal aspè nan politik agrikòl lan pou ankouraje gen plis jistis ant fanm ak gason<sup>3</sup> ;
- Ankouraje agwo-ekoloji a, ki bezwen mwens pwodui ki sot endeyò, epi sibvansyone angrè yo (san yo pa bay yo gratis) pou yo kapab pi aksesib pou peyizan yo sou tout teritwa nasyonal lan nan yon pri ki pa twò wo pou pa genyen akizasyon koripsyon kont moun yo ki ap fè distribisyon an ;
- Ankouraje agrikiltè yo mete an valè eksplwatasyon agrikòl yo, fè yo kòmanse ak sa yo propriyetè yo poko janm eksplwate epi ranfòse kapasite zòn agrikilti yo nan tout peyi a pou sektè a ka pwogrese, nan fè rechèch ak eksperyans ;
- Bay apwòch pwogram lan priyorite nan aplikasyon politik agrikòl li a, nan lide pou ranfòse devlopman sektè agrikòl lan sou yon peryòd ki long. Konsantrasyon an dwe ye sou antreprenè agrikòl yo (agwo-endistri) ak dekonsantrasyon sèvis yo (kreyasyon anplwa, edikasyon, sante ak lòt ankò) pou favorize devlopman agrikòl lan ak frennen fenomèn moun ki ap kite vil pwovens yo ;
- Mete nan tout lekòl yo sou teritwa nasyonal lan, yon sèvis sivik ki ta jwe ròl li nan plante pye bwa pou rebwaze peyi a, pwoteje tè yo ak bèj

yo, epi sansibilize moun pi plis sou enpòtans pou yo pwoteje anviwonman an ;

- Bay ogmantasyon pwodiksyon an enpòtans nan politik agrikòl la epi tabli lantman tarif dwann pou pwoteje pwodiktè ayisyen yo.

Fòk moun ki ap bay lajan yo:

- Travay pou ranfòse sosyete sivil la nan entegre òganizasyon lokal yo nan kreyasyon ak egzekisyon pwogram yo. Sa pral ede ranfòse plizyè òganizasyon nan sosyete sivil lan ki ap nan yon pozisyon pou yo egzije efikasite pwogram yo epi ki ap ka asire suivi a fèt sou yon long peryòd ;
- Travay pou ranfòse ministè Agrikilti a ak Anviwonman an nan lide pou yo kapab jwe yon wòl dirijan nan sektè agrikòl lan ;
- Kontinue favorize sekirite alimantè ak bòn gouvènans nan lagrikilti ak nan politik èd pou devlopman yo, pandan yo teni kont de estrateji PNIA a epi bay mwayen finansye pou li kapab aplike ;
- Tabli yon mekanis suivi ki pral pèmèt evaliyè efikasite èd la yap bay, men tou, respekte angajman yo te pran Punta Cana nan sa ki gen awè ak PNIA a ;
- Konsantre jefò yo sou finansman pou achte èd alimantè a nan nivo lokal lan, san yo pa bliye reyalyte mache lokal yo ;
- Tabli lyen ant politik èd yo ak politik komèsyal yo ;
- Fè refòm sibvansyon diri a nan peyi ki konsène yo ki ap ekspòte pou elimine pratik la yo rele dumping ki nui pwodiktè ayisyen yo.

ONG yo dwe :

- Envesti pi plis nan ranfòsman òganizasyon sosyete sivil la pou yo ka enfluyans divès aktè yo ki touche ak pwoblèm yo nan sektè agrikòl la ;
- Travay sou jistis ant fanm ak gason nan entèvansyon yo, nan lide pou redui inégalite sosyal yo nan peyi a ;
- Tabli yon patnarya ak envèsite nasyonal pou ankouraje rechèch epi veye pou rezlita yo aplike nan sektè agrikòl lan ;
- Sansibilize tout aktè yo nan sektè a pou yo pwoteje anviwonman an epi pou yo ka adapte ak chanjman klimatik.

# 1. ENTWODIKSYON

Tranblemann tè devastatè a ki te frape Ayiti jou ki te 12 janvyè 2010 la te lakòz sitiyaasyon pòvte an ak pwoblèm devlopman peyi a te vinn pi grav, sa ki te tou. rann kondisyon lavi popilasyon an pi difisil. Plis pase 250 000 moun te mouri epi 300 000 lòt te blese. Katastwòf la paralize tout ekonomi a, sa ki te koze yon pèt espesyalis yo evaliye te rive 120 % pwodui enteryè brut (PIB) la. Yon lòt bò, yo estime to kwasans ekonomik la pou lane 2012<sup>4</sup> ka rive ant 7 a 9 % ; youn nan rezon yo ki fè sa ka posib, se gras ak jefò yo ki fèt nan kad rekonstriksyon an. Kantite moun ki tap viv anba tant yo te 1,5 milyon. Chif sa bese pou'l rive jis 390 000 moun (dapre estatistik yo Òganizasyon entènasyonal pou migrasyon an « OIM », te pibliye nan mwa jwi 2012 la) epi kapasite pou fè fas ak ouragan yo vinn ranfòse.

Malgres, li difisil anpil pou pwodiktè yo kapab viv epi okipe fanmi yo ak travay yap fè a. Politik agrikòl lan pou liberasyon mache a ansyen prezidan a vi a, Jean-Claude Duvalier, te enplante nan lane 1983 epi ke lòt yo ki te vinn dèyè'l te kore nan divès nivo ; te youn nan prensipal kòz pwodiksyon agrikòl la te bese, ekspòtasyon yo te chute, enpòtasyon yo te ogmante, apui pou pwodiksyon viv te bese anpil epi investisman piblik yo ak asistans teknik yo te bese. Fenomèn sa te kreye yon sitiyaasyon kote pwodiktivite, pwodiksyon nasyonal la ak revnu agrikòl yo te vinn bese. Yon lòt pwoblèm tou, se ensekirite kadas la agrikiltè yo viktim ak depandans yo sou pwodui ki enpòte yo ak èd alimantè a. Tout sa vinn konplike sitiyaasyon difisil sa sektè a ap viv.

Yon lòt bò ankò, plis pase 90 % moun yo ki tap reponn kesyon nan kad rapò sa, tout sektè yo ansanm (Gouvènman ayisyen an, kominote entènasyonal lan oswa òganizasyon sosyete sivil Ayisyèn yo), rete kwè lagrikilti se premye sektè pwodiksyon peyi a. Sektè sa kreye preke 60 % anlwa yo nan peyi a epi li reprezante plis pase yon ka PIB<sup>5</sup> a.

Aprè tranblemann tè 2010 la, Gouvènman ayisyen an ansanm ak kominote entènasyonal la te mete sou pye yon Plan nasyonal pou investi nan lagrikilti (PNIA)<sup>6</sup>. Sa te fèt nan lide pou tout aktè yo nan sektè a mete tèt yo ansanm pou relanse agrikilti a an Ayiti. Plis pase yon ane pase, ki pwogrè ki fèt nan aplikasyon plan sa?

## 2. KONTINUITE AK CHANJMAN NAN POLITIK GOUVENMANTAL LA

Daprè dènye ankèt Kowòdinasyon nasyonal pou sekirite alimantè<sup>7</sup> a (CNSA) fè, to ensekirite alimantè a rete twò wo toujou, li touche 38 % popilasyon ayisyèn lan, sa ki reprezante preske 3,8 milyon moun ki repati konsa : 29,9 % (2 993 557 moun) ap viv yon sityasyon ensekirite alimantè ki on ti jan kontwole ; 8,1 % (810 969 moun) ap viv ak gwo pwoblèm ensekirite alimantè men ki kapab rezoud ; epi 1,5 % (150 179 moun) ap viv ak ka grav ensekirite alimantè. Chif sa yo bese 7 % (900 000 personnes) lè nou konpare yo ak ankèt ki te fèt nan mwa septanm 2011 lan. Yon lòt bò, le fèt ke gwosè eksplwatasyon agrikòl yo ap vinn pi piti, tè a vinn degrade pi plis, pa gen ase investisman nan rouze tè yo ak nan fè distribisyon grèn pou plante, epi enpak klima a ki ap chanje chak ane, tout lakòz sektè agrikòl la fè 4 % defisit ant lane 2000 ak 2010.

Tranblemann tè 12 janvyè 2010 la fè anpil moun louvri je yo nan sa ki gen awè ak kontwòl sou sektè agrikòl lan nan ekonomi peyi a. Sou ansyèn administrasyon an, minis Agrikilti a te resi fè pase soti 4 % pou lane 2008 la, rive 6 % nan lane 2009 la, kantite lajan nan bidjè nasyonal la ki te konsakre pou agrikilti a. Pou lane 2010-2011 yo, chif sa te vinn rive 9% sa ki te reprezante 106 milya goud (238,5 milyon dola ameriken). Yon lòt bò ankò, agrikilti a se yon bagay ki trè enpòtan sou plizyè aspè ladan yo, kreyasyon anplwa nan peyi a, kontribisyon li nan PIB peyi a, ak lòt ankò. Lè on moun konsidere tout bezwen ki genyen vre pou relanse agrikilti a, bidjè sa pa te ase toujou menm si li te montre te gen anpil volonte pou relanse sektè agrikòl la.

Nouvo bidjè a yo te revize pou lane 2011-2012 ki te 121 milya goud, fèk vote nan Palman ayisyen an. Yon moun ta ka kwè genyen yon ogmantasyon investisman yo nan sektè sa lè yo wè bidjè a ; men konsidere kantite lajan sa reprezante sèlman 6 % bidjè nasyonal la, sa ki 6 % mwens investisman lè'w konprare'l avèk ansyèn administrasyon an. Konsidere tou to de chanj lan ki chanje, sa ki fè bidjè agrikòl la jodia se 178 milyon dola ameriken, 25 % mwens pase kantite lajan ki te konsakre pou sektè sa nan lane 2010-2011.

Sa ou ta ka konstate tou, se *anviwònman* an, yon aspè ki enpòtan pou agrikilti a epi tou ki se youn nan kat gwo E estratejik gouvènman mete kòm defi pou tèl li nan pwogram li an, (menm jan ak Edikasyon, Anplwa, ak yon Eta lajistis), li pa resevwa anpil atansyon ak enpòtans. Se sèlman 0,6 % bidjè a ki prale pou anviwonman an.



Tablo sa ki anba konpare pati bidjè nasyonal la ki investi nan sektè agrikòl lan.

### PATI BIDJE NASYONAL LA KI ALE POU SEKTE AGRIKOL LAN<sup>8</sup>

Egzèsis	Bidjè nasyonal (HTG)	Pousantaj lajan ki konsakre pou sektè agrikòl lan	Kantite (\$ US)	To enflasyon
Ansyèn administrasyon an (2010-2011)	106 milya G	9 %	240 M	Preske 7 %
Nouvèl administrasyon an (2011-2012)	121 milya G	6 %	178 M	Preske 13 %

Nan yon sans laj, administrasyon Boniface-Latortue a te resi bese to enflasyon an ki te 37 % nan lane 2004 (aprè prezidan Aristide te kite), fè'l rive 16 % nan lane 2006, epi tou tabli rezèv chanj ki te depase 200 milyon dola ameriken ak yon to chanj ki te nan 42 goud pou yon dola ameriken. Bò kot pa li, gouvènman Préval lan (2006-2011) te stabilize to chanj lan rive 40 goud pou yon dola ameriken, pandan li te resi kenbe to enflasyon an anba 10 %, gen de lè mèm to an te negatif. Ogmantasyon to enflasyon a ki te rive 7 %<sup>9</sup> nan lane 2011 lan, se pri elve enpòtasyon yo ki te lakòz li ; se pat ekonomi ayisyèn nan. Daprè minis ekonomi ak finans lan nan administrasyon Préval lan, M. Ronald Baudin, «malgre yon jestyon politik ki te yon katastwòf pou ekonomi a, to kwasans lan te preske rive 7 % »<sup>10</sup> epi rezèv chanj yo te anviwon 800 milyon dola ameriken.

Jounen jodia, priyorite gouvènman an se : a) relanse pwodiksyon agrikòl nasyonal la, b) sekirite moun ak byen yo, c) edikasyon ak fòmasyon pou tout moun, d) repozisyon Ayiti nan mond lan, e) touris ak kilti, f) prevansyon maladi ak swen sante pout tout moun epi g) ranfòse ekonomi a ak sektè prive a.

Nouvèl administrasyon an, kit se te pou genyen yon kontinuite Leta a, paka mete sou kote tout pwogrè yo ki te reyalize pou relanse pwodikyon agrikòl nasyonal lan. Kèk egzanp nan reyalizasyon sa yo se : Politik devlopman agrikòl lan (PDA) 2010-2025, Plan nasyonal investisman agrikòl lan 2010-2016, Plan nasyonal sekirite alimantè ak nitrisyonèl lan (PNSAN) 2010-2025<sup>11</sup> ak Plan direktè vilgarizasyon agrikòl la (PDVA). Tout dokiman sa yo gen yon sèl objektif, ki se rive genyen yon Ayiti san gragou avan lane 2025.

Pandan 4 mwa administrasyon Martelly-Conille la, anpil moun ki ap bay lajan te fè pwomès pou yo ede sektè agrikòl lan. Pwomès sa yo te yon ti jan respektè. Bank mondyal lan te voye 10 % nan èd li bay Ayiti pou sektè agrikòl lan, Bank entèamerikèn devlopman an (BID) te bay 20 % bidjè li.

Kan menm, pi gwo pwojè nouvèl administrasyon an pou sektè agrikòl lan, se pwogram « **Aba grangou** » a, ki gen de objektif ki se, 1) redui kantite moun ki ap soufri grangou pou chif yo rive nan mwatye sa yo ye

kounyea anvan fen 2016 epi 2) kwape grangou ak malnitrisyon nan peyi a anvan lane 2020<sup>12</sup>.

« Aba grangou » se yon gwo inisyativ ki genyen plizyè ti pwogram ladann tankou : a) pwogram sekirite sosyal, ki ka fè moun ki pi a risk yo jwenn manje pi fasil ; b) pwogram envestisman agrikòl yo, ki pral ede ogmante pwodiksyon viv nan tout peyi a ; epi c) pwogram pou sèvis de baz yo. Ansanm, tout ti pwogram sa yo vize bay sektè agrikòl lan jarèt nan bay ogmantasyon pwodiksyon nasyonal la plis enpòtans.

Pwogram « Aba grangou » yo ki pral tabli nan tout komin peyi a genyen objektif sa yo pou yo atèn anvan lane 2016 : fòk 2,2 milyon ti moun al lekòl ; 1 milyon manman ak moun ki pi a risk yo pral benefisye transfè lajan ak manje ; 1 milyon ti moun pi piti pase 5 lane pral benefisye pwogram nitrisyonèl ; 1 milyon ti plantè viv pral benefisye pwogram agrikòl ak kote pou yo mete rekòlt yo nan rezèv avèk sitèn ; epi 200 envestisè mwayen pral benefisye apui, pou devlopman rezo agrikòl yo sou tè leta yo ki pa kiltive.

Pwogram « Aba grangou » an, ki se yon zouti pou konbat ensekirite alimantè a ak malnitrisyon sou tout fòm li yo, se yon politik agrikòl prezidans lan mete sou pye ki se Mme Sophia Martelly, premyè dam peyi an ki ap dirije'l. Genyen plizyè dokiman ministè Agrikilti a ki te ede ekri pi byen pati teorik pwogram sa, tankou PNSAN lan, PNIA an, Politik devlopman agrikòl lan ak Dokiman estrateji nasyonal la pou kwasans lan ak rediksyon pòvte (DSNCRP). Yon lòt bò, « Aba grangou » trouve'l nan yon sityasyon difisil ant prezidans lan ak ministè Agrikilti a, sa ki ka vinn afebli pwogram lan olye pou li ranfòse.

Antouka, bidjè a ki prale pou sektè agrikòl lan pa ase pou reponn ak sa gouvènman an di li gen entansyon fè pou devlope sektè sa. Jounen jodia, menm aprè tout jefò yo ki fèt pou releve sektè agrikòl lan, endikatè sosyo ekonomik yo enkietan anpil (gade tablo anba a). Li klè fòk gen yon ogmantasyon nan kantite lajan bidjè nasyonal la ki prale pou sektè agrikilti a.

#### **Endikatè Sosyal ak Ekonomik<sup>13</sup>**

- 80 % popilasyon Ayisyèn lan ap viv nan pòvte.
- 38 % popilasyon a ap viv ak ensekirite alimantè.
- 29,9 % fanmi yo pa byen manje (2,9 milyon moun).
- 45 % nan fanm yo anemik.
- 25 % nan timoun yo soufri malnitrisyon.



# JISTIS ANT FANM AK GASON NAN EKSPLOWATASYON AGRIKÒL YO AN AYITI

Nan chan rekòlt ayisyèn yo, se fanm ki jere tout aktivite yo nan 40 % ka yo<sup>14</sup> ; yo se poto motan agrikilti peyi a, men an reyalite, yo pa jwi dwa eritaj yo ta dwe genyen menm jan ak gason.

Nan zòn rural yo, genyen yon divizyon travay la ant fanm ak gason. Lè genyen yon gason ki la, yo konsidere se li ki chèf fanmi an. Gason yo fè travay agrikòl yo ki difisil epi ki mande anpil jefò tankou retire move zèb ak fè labouraj sou tè yo, pwodiksyon kilti pou ekspòte (kafe, mang, elatriye) epi okipe gwo bèt yo ; se gason tou ki okipe pi fò nan anlwa stab yo ki peye. Bò kot pa yo, prodiksyon medam yo se pou mache lokal yo sèlman. Travay yo sou tè yo se plante, retire move zèb sou sa yap kiltive epi yo veye pou fanmi an toujou gen manje ak dlo potab. Yo achte pwodui de baz yo bezwen yo ak lajan yo fè a nan sa yo vann chak jou.

Nan etid sa, nou jwenn tou, yo pa bay travay fanm yo nan lagrikilti valè epi medam yo viktim diskriminasyon anpil fas ak gason yo sou lajan yap touche a<sup>15</sup>. Kounyea, li enpòtan pou bay jistis and fanm ak gason, priyorite pou fanm kou gason kapab egal ego.

# 3. PLAN NASYONAL ENVESTISMAN AGRIKÒL LAN AK APUI MOUN YO KI BAY PLIS LAJAN POU AGRIKILTILITE A

Menm si se pat vrèman Leta ayisyen a ki te lanse PNIA a, gen anpil jefò ki te fèt pou pwogram sa te ka dekole. Plan sa te prevwa yon finansman pou sektè agrikòl lan sou yon peryòd 5 lane ak yon bidjè 790 milyon dola ameriken, ki separe sou twa pwen enpòtan : enfrastrikti agrikòl yo, pwodiktivite ak sèvis agrikòl yo. Ann pa bliye moun yo ki ap bay lajan ansanm ak tout aktè enpòtan yo nan sektè agrikòl la ki te aksepte plan investisman an pandan yon reyinyon ki te fèt Punta Cana, nan Repiblik Dominikèn, jou ki te 2 jen 2010 la. Rive jounen jodia, prensipal moun yo ki te di yo tap bay lajan, bay 369 milyon dola, sa ki reprezante 46,7 %<sup>16</sup> nan total lajan an yo te pwomèt pou PNIA a.

Fòk moun yo ki ap bay lajan kòmanse respekte angajman yo epi fòk yo asire yo lajan sa sèvi kòm transfè resous nan peyi a.

Plan sa te prevwa pou sektè agrikòl la dekole ak devlopman rezo agrikiltè yo. Genyen mèm plizyè aktivite ki te reyalize ki te reponn ak sa ki nan PNIA an. Se sou baz plan sa yon politik agrikòl te kreye. Men plan aksyon politik agrikòl sa, ki poko egziste, poko disponib pou piblik la.

Nan moun yo ki ap bay lajan, kit se de enstans ansanm oswa plizyè enstans, ki pi enpòtan pou sektè agrikòl lan, genyen BID lan, Bank mondyala lan, Inyon Ewopeyen lan (UE), Etazini, Ajans kanadyèn devlopman entènasyonal (ACDI), Fon entènasyonal devlopman agrikòl (FIDA), ak Òganizasyon nasyonzi pou alimantasyon ak agrikilti a (FAO). Pi fò nan yo te kenbe angajman yo fas ak PNIA an. Men kan mèm, genyen plizyè faktè ki kontinue limite devlopman sektè agrikòl lan tankou : le fèt pa genyen yon lwa kad pou tabli yon règ sou desantralizasyon ; pa genyen kredi ak enfrastrikti agrikòl ; agrikiltè yo pa gen aksè anpil ak pwodui agrikòl ni sipò teknik ; sistèm nan pa genyen mekanizasyon modèn (fò'n di, mekanizasyon an pa tap ka rezoud tout pwoblèm pwodiktivite yo poutèt jan tè yo separe epi tou reliyèf tè yo ki limite kantite gwo tè ki disponib pou fè agrikilti) ; tè yo ki ap degrade ; deforestasyon ; degradasyon 90 % nan basen vèsan peyi a ; avèk enpak klima a ki pa sispann chanje.

Nan estrateji li pou Ayiti, **Bank mondyal**<sup>17</sup> la rekonèt sektè agrikòl lan kòm yon priyorite ki se yon pilye devlopman ekonomik. Bank lan apuiye ministè Agrikilti a, resous natirèl ak devlopman riral (MARNDR) lan nan preparasyon PNIA an epi li kreye pwogram investisman an dapre priyorite ak estrateji ki te tabli ladann. Priyorite sa yo reflekte nan bidjè Bank mondyal lan rezève pou sektè agrikòl lan, ki reprezante 10 % nan

èd Bank lan ap bay Ayiti ; sa fè plis pase 60 milyon dola<sup>18</sup>.

Nan lide pou ede Ayiti gueri de konsekans tranbleman tè 12 janvye 2010 la, **Gwoup Bank Mondyal** lan te pwomèt 479 milyon dola, yon lajan ki genyen ladann yon diminyasyon dèt ke Ayiti gen pou Bank lan. Nan mwa novanm 2011 lan, Bank Mondyal la te debouse 426 milyon dola ameriken (89%) nan angajman li sou fòm nouvo finansman, dekèsman, soutyen ak sektè prive a epi pou rediksyon dèt la. Pa moyèn, Bank mondyal lan bay prèske 10 milyon dola ameriken chak mwa pandan peryòd ki soti fevrye 2010 pou rive mwa desanm 2011.

Pou peryòd 2011-2015 lan, agrikilti a se youn nan 6 pilye estratejik **BID lan** ; dayè, estrateji sektoryèl agrikòl la te prepare sou baz PNIA an. BID mete plis ke 200 milyon dola ameriken pou sektè a, kòb sa bay prensipalman pou konpozant 1 ak 3 : gestyon basen versan yo ak irigasyon ; epi gestyon tè ak sèvis agrikòl baz yo<sup>19</sup>.

Responsab BID lan te di Oxfam ke gen plis pase 240 milyon dola ameriken nan kès òganizasyon an kap tann pwogram serye gouvènman an pou yo ka dekese lajan sa. Men, malgre disponibilite lajan sa, leta ayisyen gen tout pwoblèm pou li gen aksè ak li akòz yo pa kreye ankènn pwogram ak pwojè ekilibre yo ta ka pwopoze a tan.

Nan domèn agrikilti a, **Ajans kanadyèn pou devlopman entènasyonal la (ACDI)** travay nan twa gran aks : a) sekirite alimantè; b) Sistèm finansman ak asirans agrikòl Ayiti a (SYFAAH); c) Pwogram devlopman lokal Ayiti (PDLH). Pwojè sekirite alimantè yo ant 2009 ak 2011 te mete aksan sou asistans teknik, infrastrukti agrikòl, pwoteksyon anviwonman, ogmantasyon pwodiksyon agrikòl lan, ameliorasyon pwodiktivite, epi ameliorasyon revni popilasyon an ki nan zòn entèvansyon yo. ACDI bay yon finansman konsiderab<sup>20</sup> men ki pa sifi pou lite kont chanjman klimatik la gras ak pwoteksyon tè yo ak amenajman basen vèsan yo. Akòz enpòtans chanjman klimatik la nan peyi a, ACDI ta dwe ogmante esansyèlman èd li nan sektè sa si li vle aksyon li yo rantre nan dirabilite epi ke yo amelyore kalite vi moun ki bezwen chanjman yo.

Pou **pèspèktiv** yo, ACDI toujou ap redefini estrateji pwogramasyon li an Ayiti ki genyen 2 aks priyorite ladann : yon kote, kwasans ekonomik dirab (sekirite alimantè, devlopman antreprenarya) epi yon lòt kote, jèn ak granmoun yo (edikasyon ak sante). Epi, gouvènans demokratik lan transversal sou de aks<sup>21</sup> yo. Anviwonman se yon pati ki toujou la nan egzekisyon tout pwojè ACDI yo nan agrikilti, ki se yon bon bagay pou peyi an.

Daprè konsta ki fèt, ACDI travay atravè ONG entènasyonal ak òganizasyon sosyete sivil ayisèn la, nan ranfòse ministè agrikilti a, men li pa gen yon soutyen dirèk bidjè li ki vize ranfòse ministè an.

Anplis de sa, pandan ke nap ankouraje travay ajans kanadyèn lan nan domèn preparasyon ak soutyen nan plan devlopman lokal yo, ajans lan dwe tabli yon pi bon lyen ak tèt ansanm ant tout aktè kap travay nan sektè agrikòl lan nan zòn kote ajans la ap fonksyone pou li ka abòde diferan pwoblematik yo pi byen. Ajans lan dwe travay yon fason pou li enplike plis patnè lokal ak sektè prive depi nan konsepsyon pwojè yo pou moun yo ka apwopriye yo de pwojè epi fè yon suivi aprè.

Asirans ak kredi ki antre nan sektè an enpòtan anpil pou ede pwodiktè ak pwodiktris yo envesti pi plis ak redinamize sektè agrikòl lan nan rann li pi konpetitif ak pi bèl nan zye envestisè yo. ACDI ansanm avèk patnè kanadyen li yo se yon aktè inevitab nan sektè asirans lan ak kredi agrikòl la. Pwogram ak pwojè ACDI yo chita trè byen avèk objektif gouvènman an epi yo kontribye tou nan objektif pou redui pòvte an jan yo mansyone'l nan DSNCRP.

Menm si 28% èd alimantè ijans ke **ameriken** te bay aprè tranbleman tè a te konpoze de anpil pwodwi lokal, li te an majorite (\$125 milyon) aliman ameriken. Èd devlopman agrikòl la te atènn selman \$ 45 milyon dola pou lane 2011 epi \$50 milyon pou 2012.

Yon lòt kote, gen gwo divizyon ant politik èd ak komès yo. Pwodiktè diri ameriken yo te resevwa \$ 400 milyon dola nan men gouvènman yo a nan lane 2010. Diri ameriken sa ki te sibvansyone- ke ayisyen yo rele *diri miami a* – te domine mache ayisyen an : nan lane 2010-2011, Ayiti te pi gran konsomatè nan ekspòtasyon diri ameriken an aprè Meksik.

Gwo enpòtatè ayisyen pwodwi alimantè yo profite pou yo fè anpil lajan pandan yap kraze pwodiksyon nasyon la epi yo vle kenbe sitiyasyon sa konsa a toupri. Nou ka site kòm egzanp reprezantasyon an Ayiti Riceland lan, yon koperativ ameriken ki te resevwa yon demi-milya dola kòm apui, nan men gouvènman ameriken an ant 1995 ak 2010, epi ki vann diri "Tchako" a, ki trè popilè an Ayiti<sup>22</sup>.

Ansyen prezidan Etazini an, Bill Clinton, te di, devan komisyon afè etranjè Sena ameriken an, jou ki te 10 mas 2010 lan, wòl ke administrasyon li an te jwe nan ekspòte danre alimantè ameriken ki te sibvansyone an Ayiti, pandan ke yo tap profite dwa dwann yo ki te bese, youn nan kondisyon ki te atache ak Fon monetè entanasyon (FMI) lan ak Bank mondyal lan<sup>23</sup>.

Diri ameriken an te mwen chè ke sa ki kiltive nan peyi a, pil ekspòtasyon sa yo te kontribye dirèkteman nan kraze endistri diri an nan peyi a : lane 1998, 47% òf diri a an Ayiti te pwodui a anndan peyi an ; nan lane 2008, chif sa te bese pou'l rive sèlman 15 %.

Kapasite agrikòl la te vinn pi frajil akòz tout èd alimantè yo ki te voye pou fè fas ak kriz imanité a. « Sete yon erè kem te kontribye ladann. M'oblige viv chak jou ak konsekans ke Ayiti pèdi kapasite li pou l' pwodwi diri pou l' nourri popilasyon li a, akòz sa m' te fè, mwen menm sèl, pèsan moun ankò », M. Clinton te di<sup>24</sup>.

Tarif dwann an Ayiti sou enpòtasyon diri te 3%, tandis ke to mwayen Kominote karayib la, CARICOM, ke Ayiti manm ladann, te atènn 25%. Pa Repiblik Dominikèn lan te 20%.

**Lafrans** te defini nati koperasyon li an Ayiti (2008-2012) nan dokiman Kad pou patenarya (DCP), kote agrikilti an jwe yon wòl enpòtan. Anplis, Gouvènman fransè an ak ONG franco-ayisyèn yo te pèmèt soutni dirèkteman lòt òganizasyon sè nan peyi a, ansanm ak fanmi ki vilnerab yo kap viv nan kondisyon trè difisil.

**Koperasyon fransèz la** jwe tradisyonèlman an Ayiti yon wòl aktif nan domèn agwononmi ak devlopman riral. Jodia, soutyen sa pran fòm sa yo :

ranfòsman kapasite MARNDR lan ; soutien nan rechèch, devlopman ak ansèyman agrikòl ; apui pou òganizasyon pwofesyonèl agrikòl yo, finansman pwojè sou plas yo ke ONG ayisyen tankou fransè aplike; finansman pwojè kolektivite teritoryal fransèz yo ki angaje nan koperasyon desantralizasyon a travè omològ ayisyen yo aplike.

Depi 2009, Lafrans kontribye nan relanse rechèch nan domèn agrikilti a ak soutyen pou Sant koperasyon entènasyonal nan rechèch agwonomik pou devlopman an (CIRAD).

Depi 2005, pwogram èd alimantè Lafrans finance an vize 3 objektif : tabli baz sekirite alimantè yo, relanse pwodiksyon lokal ak pote yon rejim alimantè pou gwoup moun ki vilnerab yo.

Pwogram achte lokal, ki reyalize ansanm ak MARNDR, asosyasyon pwodiktè agrikòl, Pwogram alimantè mondyal (PAM) ak Òganizasyon nasyonzini pou alimantasyon ak agrikilti a, pèmèt yo relanse pwodiksyon lokal la nan apuiye òganizasyon pwodiktè agrikòl yo (OPA) pou fanmi riral yo benefisye yon apò finansye konsiderab epi lite kont malnitrasyon nan distribye pwodiksyon lokal la nan kantin eskolè ak nan sant sante.

**Inyon Ewopeyèn** lan, a travè pwogram Apwi pou ranfòsman sosyete sivil la an Ayiti (PARSCH) pote yon kontribisyon enpòtan pou òganizasyon sosyete sivil la kap travay nan sektè agrikòl la.

Agrikilti a se yon domèn ke **Brezil**<sup>25</sup> pwouve li se mèt li nan mond lan. Brezilyen yo gen eksperyans resan nan transfòmasyon ti agrikilti sibzistans nan agrikilti modèn la. Se nan sans sa ke yon akò ant Brezil, Etazini Damerik ak Ayiti te siyen 9 avril 2012. Akò sa prevwa yon kolaborasyon ant USAID, Sosyete etatik brezilyèn agwonomi Embrapa a ak MARNDR pou asire yon variete kilti diri amelyore fèt pou, mayi, pwa ak mango nan eksplwatasyon nan kèk zòn peyi a<sup>26</sup>.

Sepandan, Brezil vini dezyèm ekspòtatè diri an Ayiti (apre Etazini) e ekspòtasyon sa yo, Leta brezilyen sibvansyone yo. Menm inkoyerans la ant èd agrikilti ak politik komèsyal fas ak Ayiti toujou prezan nan apwòch Brezil lan an Ayiti.

## SEKTÈ AGRIKÒL LAN KOLE NAN MITAN DE APWÒCH

Apwòch yap konsidere aktyèlman pou favorize devlopman agrikòl an Ayiti an plen pwoblèm. Pi gwo defi an chita, yon kote, paske sou le fèt ke yo pa aplike yon politik agrikòl ki reponn ak bezwen reyèl epi nan yo mank lajan ki rezève pou sektè agrikilti a. Yon lòt kote, metodoloji ki favorize apwòch-pwojè a ak apwòch-pwogram devlopman pote tou yon lo difikilte. An reyalyte, apwòch-pwogram lan vize òganizasyon ak devlopman sektè an sou anpil tan, kap genyen anpil enpak pozitif, si leta Ayisyen montre lin kapab responsab.

Nan lòt men an, apwòch-pwojè a gen yon efè ki pou soulaje sektè a pou yon ti moman, men li pap pote solisyon dirab pou diferan pwoblèm ke yo rankontre yo, epi echèl lan limite, menm si pwojè yon bon selon jan yo

planifye ak jan pou yo egzekite. Apwòch sa, ke prèske tout moun kap bay kòb yo favorize, pa teni kont de soutyen bidjetè pou gouvènman an paske yo bay ONG entènasyonal ak sosyete konsiltan yo lajan yo pito.

## LOT PWOBLEM AVEK ED POU AGRIKILTILAN

Genyen lòt pwoblèm ak èd pou agrikiltil an. Nou ka konstate ke anpil moun kap bay lajan, tankou Bank mondyal la ak Etazini yo, mete plis aksan sou filyè ekspòtasyon (kafe, kakawo, vetivè) ak tout pwodiksyon vetivè yo. Tou lè 2 enpòtan, men rediksyon depandans nou sou aliman nap enpòte yo dwi diminue rapid sitou a kòz pri sou mache entènasyonal lan ki monte epi defisit komès ayisyen an.

Yon lòt kote, anpil òganizasyon non-gouvènemantal ak tout moun kap bay lajan yo mete aksan ankò sou pwojè ijans alòske yo bezwen sitou, nan ka Ayiti a, asire yon kontinuite nan moun ak devlopman pou byen adrese reyalyte difisil peyi an nan ansanm li.



# 4. INISYATIV KI AP BON POU LAVNI

## RESANSMAN MARNDR

Nan mwa septanm 2007, MARNDR te lanse yon resansman jeneral pou agrikilti a nan tout peyi a, gras ak apui finansye Inyon Ewopeyèn lan (4 50 000 euro), nan lajan leta, ak apui teknik FAO a, Enstiti ayisyen estatistik ak enfòmasyon (IHSI), sant nasyonal enfòmasyon geo spasyal (CNIGS) epi direksyon depatmantal agrikòl la (DDA). Rezilta resansman sa yo te konpile epi te disponib nan 4 depatman : Latibonit, Sant lan, Nip ak Sidès lan. Malgre tou, lap pèmèt pou konnen ak presizyon epi pou chak depatman, komin, ak seksyon kominal peyi a : kantite eksplwatasyon agrikòl, tay yo, stati yo (lwe, pwopriyete prive, nan fèm, etc.), tip kilti a, si genyen irigasyon oswa pa genyen, ekipman yo ak zouti yo ke li bezwen, ki kantite zanimo pou chak espès (kantite mal ak femèl), ansanm ak kalite epi kantite pyebwa ki fè fwi oswa kip a fè fwi. Chif yo enfòmè nou tou sou laj agrikiltè yo, revni yo, nivo etid ak fòmasyon yo, tip sèvis ke yo benefisyè, wòl fanm nan chak aktivite agrikòl, etc. Regwoupman estatistik sa esansyèl pou dirijan yo kapab pran desizyon epi rezoud kèk pwoblèm ke popilasyon an ap konfronte<sup>27</sup>.



Fèmye nan Central Ayiti prepare peyi yo. ©2010 Ami Vitale/Oxfam America.

Aprè ke yo finn konpile yo, rezilta rechèch sa pral pèmèt diferan aktè yo ki nan sektè agrikòl lan pou yo pi byen kowòdone kontribisyon yo, sou direksyon ministè agrikilti a. An reyalyte, yap dispoze konsa enfòmasyon epi mwayen pou yo pran aksyon syantifik ki efikas kap pèmèt yo pi byen konprann reyalyte ekonomik ak sosyal peyi a, se konsa tou, yap pi byen abòde pwoblèm agrikòl la o konplè.

# KÈK ÒGANIZASYON SOSYETE CIVIL LAN

Leta ayisyen responsab pou fikse gran liy politik peyi an nan sa ki gen awè ak devlopman epi bay sèvis de baz pou popilasyon an. Anplis de sa, li se prensipal responsab ki pou garanti byennèt sitwayen yo.

Òganizasyon sosyete sivil yo kapab jwe yon wòl enpòtan kòm yon pati ki gen enterè nan : defann dwa, prezante kont, transparans ak swivi aplikasyon politik piblik yo epi inovasyon nan devlopman.

## PAPDA

Li konsakre tèt li nan defann gwo pwoblèm nan lavi nasyonal la. Platfòm ayisyen pledwaye pou yon devlopman altènatif la (PAPDA), se youn nan òganizasyon ki pi byen striktire nan sosyete sivil ayisyèn lan. Nan agrikilti a, PAPDA devan nan defann agrikiltè ayisyen yo kote li rekòmande yon devlopman agrikòl ki chita sou souverènte alimantè responsab epi sou lidèchip Leta ayisyen an<sup>28</sup>.

## « Madan Sara » yo

« Madan Sara<sup>29</sup> » yo konstitye poto mitan nan vann pwodwi agrikòl nasyonal yo : yo pèmèt pou fè filyè an pwogrese nan etabli yon rezo enfòmasyon; yo sèvi de moun ki prete lajan bay ti agrikiltè yo nan zòn ki trè rekile nan peyi a ; epi yo pèmèt fè filyè yo pwogrese gras ak investisman ke yo bay. Sistèm komèsalizasyon an pa striktire, kidonk Madan Sara yo ofri posibilite pou vann pwodwi lokal yo nan tout peyi an. Kontrèman ak gran enpòtatè pwodwi alimantè yo, madan Sara yo fè pwomosyon acha lokal yo.

## RACPABA an

Nan Vale Latibonit lan, Rezo asosyasyon koperativ pou komèsalizasyon ak pwodiksyon agrikòl nan Ba-Latibonit lan (RACPABA) dirije pwogram apui pou pwodiksyon diri. Se yon inisyativ devlopman ki kontribye anpil nan batay lan pou diminye yon sèl kou depandans alimantè peyi an ak ekstrèm pòvte popilasyon an. Pwogram sa konprann : aksyon teknik (tankou pwodiksyon semans ak transfòmasyon grenn yo an pwodwi fini), pou favorize pwodikтивite ak konpetitivite filyè sa ; aksyon gestion risk yo, nan repons ak vilnerabilite nan zòn lan ; epi aksyon pledwaye, pou enfliyanse otorite piblik yo sou politik ke yap kondwi yo. Se yon pwogram chanjman estratejik ki vize amelyore kondisyon lavi ti pwodiktè ak ti pwodiktris nan vale Latibonit lan sou yon plan sosyo-ekonomik.

Avèk sipò ke Oxfam bay RACPABA nan domèn semans, machin agrikòl, aplikasyon nouvel teknoloji yo ansanm ak sistèm pou yo fè diri entansiv (SRI), rekòlt lan double, li pase soti 2.5 tòn pou chak ekta tè, pou'l rive 5.5 tòn pou chak ekta tè, pandan ke lap tou amelyore kondisyon lavi ti pwodiktè ak ti pwodiktris yo.

## MPP nan Plato Santral la epi egalite ant fanm ak gason

Mouvman peyizan papay (MPP) fè agrikilti peyizan an baz devlopman dirab lan. Nan aksyon li yo, li vle garanti souverènte alimantè a ak pwoteksyon anviwonman an (lite kont degradasyon tè yo, rebwazman, etc.). MPP privilejye osi gestyon resous dlo ak devlopman enfrastrikti pou al chèche dlo : adiksyon, pwi, sistèm irigasyon, lak nan mòn, etc.

Anplis de sa, MPP a vize esklizivman striktirasyon ak ranfòsman kapasite gwoupman fanm : « Nou asire nou ke fanm yo patisipe aktivman nan pran desizyon nan nivo staf direksyon MPP a. Nou asire nou tou ke yo pran responsabilite yo<sup>30</sup>. »

## SOFA nan Sen Michèl de Latalay ak jistis ant fanm ak gason

Solidarite pou fanm ayisyèn yo (SOFA) se yon òganizasyon nasyonal ki fè pwomosyon pou dwa fanm (li te travay tou pou amelyore lwa kont vyolans nan fwaye) epi ki chèche amelyore sityasyon ekonomik fanm riral sa yo nan preske tout depatman peyi a. Yon egzanp, nan Sen Michèl de Latalay, SOFA ak lòt òganizasyon fanm yo kontribye nan ogmante revni fanm riral yo nan fòme yo nan aktivite elvaj zabèy epi transfòmasyon agrikòl.



Medam yo nan Sen Michèl de Latalay ki ap fè farinn. ©2010 Ami Vitale/Oxfam America.

## Entèvansyon Oxfam yo nan sektè agrikòl lan

Oxfam ap travay pou ranfòse kapasite pwodiktè diri yo nan sis komin nan La Vale Latibonit lan : Ti rivyè, Dedin, Lestè, Vèrèt, Machan Dessalines ak Laplèn Maribahoux, nan depatman Nòdès lan. Oxfam vle ede ogmante pwodiksyon diri an a travè entèvansyon sa yo : a) kreyasyon pakè teknolojik diri a, ak teknoloji agwo-ekolojik la (sistèm rizikilti entansif lan) ; b) apui pou pwodui pi bon kalite ; c) bay yon pi bon aksè ak sèvis labouraj yo ; d) aksyon limitasyon yo ; e) epi aksè ak kredi agrikòl. Oxfam

angaje'l pou'l apuiye Federasyon nasyonal pwodiktè diri Ayiti yo (FENAPRIH) nan aktivite pledwaye ki vize mete tout pwoblèm sektè a nan mitan politik nasyonal yo.

Nan departman Nò, Nòdès ak Sid yo, Oxfam ap chèche kreye richès nan ogmante kilti kafe ak lajan agrikiltè yo touche sou sa yo plante nan asosyasyon yo sou mòse te pou rekòlt kafe yo. Tout sa se nan lide pou manm koperativ ak kominote riral yo kapab viv nan pi bon kondisyon.

Gras ak kontribisyon Oxfam nan domèn lan, lajan ti pwodiktè yo touche ogmante anpil sa ki fè paran yo kapab depanse plis lajan nan edikasyon ti moun yo lè nou konpare yo ak sa yo ki pa nan koperativ kafe yo.

Oxfam ap travay tou pou pgmante disponibilite manje a pou fanmi yo nan zòn yo kote lap fè entèkansyon, nan devlope ak divèsifye sa ti agrikiltè yo plante : manyòk, kann, banann, arachid ak elvaj. Oxfam fè pwomosyon mache espesyal yo tou ki pwodui fwi òganik.

Nan regyon Palm nan, kote genyen Leyogan, Ti gwav, Gran gwav ak Gresye (nan departman Lwès lan), Oxfam ap fè entèkansyon nan domèn agrikilti a a travè don pakè teknolojik (distribisyon pwodui agrikòl, fòmasyon ak bay konsèy ak apui), nan fè ti elvaj (poul ki ponn ze, poul gra pou fè viann, kabrit, lapen ak elvaj pwason), nan reyabilite enfrastriktyi irigasyon yo ak rann yo miyò epi nan transfòmasyon pwodui agrikòl yo (reyabilitasyon ak konstriksyon inite transfòmasyon, fòmasyon, ak komèsyalizasyon). Oxfam apuiye tou konstriksyon ti basen vèsan yo, epi reyalizasyon travay pou korije ravin yo ak konsève tè yo nan lide pou pa genyen twòp risk inondasyon.

Lòt travay ankò Oxfam ap fè nan Latibonit (Vèrèt, Sen Michèl de Latalay ak sou fwontyè ayisyano-dominikèn lan) , se kreye ak entegre basen vèsan yo nan lide pou genyen yon pi bon gestyon ki pral dire pou lontan, ki fèt de resous natirèl yo sa ki pral ede redui risk inondasyon yo. Òganizasyon an toujou ap travay ak ministè Agrikilti a pou li ka entegre aksyon li yo nan priyorite òganizasyon an defini pou zòn entèkansyon li yo. Ministè an patisipe aktivman nan chwa estrateji Oxfam yo ; sa garanti ap genyen yon pi bon òganizasyon ansanm pwogram ak pwojè Oxfam yo ak objektif gouvènman an. Ministè Agrikilti a kapab suiv aktivite Oxfam yo epi bay rekòmandasyon lè li vle.

# 5. POU'N FINI, KEK REKOMANDASYON

Pou PNIA a ka aplike konplètman, epi pou'l sèvi kòm èd pou sektè agrikòl la, Gouvènman ayisyen an ak prensipal aktè yo ki ap fè entèvansyon nan domèn sa dwe kontinue bay devlopman agrikòl lan yon gwo priyorite. Angajman sa dwe parèt nan bidjè Repiblik la sou yon bò, epi nan respè pwomès moun ki ap bay lajan yo nan kominote entènasyonal la.

Menm si genyen kèk feblès nan PNIA a, pwogram sa ofri posibilite pou bay sektè agrikòl la jarèt, yon sektè ki bezwen plis resous pou ranfòse ak demokratize plizyè nan aspè li tankou, aksè ak sèvis, ak pwodui agrikòl, api ak enfrastrikti. Se aspè prensipal sa yo ki pou bay yon miyò pwodikтивite, pwodiksyon nasyonal ak kalite lavi agrikiltè yo piske konsekans la pral ke yap ka fè pi plis lajan.

Se nan sans sa Gouvènman ayisyen an ansanm ak moun yo ki ap bay lajan dwe pran dispozisyon pou garanti efikasite aplikasyon PNIA a. Rekòmandasyon sa yo, yo pou gouvènman ayisyen an, moun yo ki ap bay lajan, ak ONG lokal, nasyonal ak entènasyonal ki ap fè entèvansyon nan sektè agrikòl lan.

## REKOMANDASYON POU GOUVENMAN AN

### Nan sa ki gen awè ak gouvènans lan

Gouvènman ayisyen an dwe :

- Rann PNIA a youn nan pi gwo defi li yo epi pran tout dispozisyon ki dwe pran pou aplike pwogram sa ;
- Tabli yon lyen ant « Aba grangou » ak politik agrikòl lan ki te soti nan kreyasyon PNIA a, anba zèl ministè Agrikilti a ;
- Ranfòse estrikti yo ki pa konsantre ankò, sa vle di reprezantan gouvènman an nan nivo lokal yo tankou Direksyon depatmantal agrikòl lan (DDA) ak Biwo agrikòl kominal lan (BCA), nan lide pou yo ka kowòdone aksyon yo pi byen epi aplike gwo oriyantasyon politik agrikòl yo sou teren an ;
- Bay modèl devlopman lokal la priyorite, jan konstitisyon 1987 lan prevwa'l epi mete sou pye yon lwa kad ki pral pèmèt lanse pwosesis desantralizasyon an ak dekonsantrasyon sèvis Leta yo pou tout kolektivite teritoryal yo nan lide pou planifye pi byen epi byen jere inisyativ lokal yo pou devlopman agrikòl lan ;
- Konsantre sou politik agrikòl lan nan lide pou genyen yon miyò sekirite rejim kadas lan. Sistèm jidisyè ayisyen an dwe fonksyone nan tou de lang ofisyèl yo, franse ak kreyòl, epi fòk peyizan yo jwenn asistans

jiridik pou yo ka rezoud konfli tè yo ;

- Rasanble tout jefò (egzanp : modènize sistèm nan, tabli yon pratik transparans nan tabli yon kilti transparant kote tout moun ap genyen pou yo rann kont) pou batay kont koripsyon epi metrize'l nan tout nivo gouvènman an. Pou sa rive fèt, li ta enteresan pou resevwa apui sèvis dekonsantre Inite ki ap batay kont koripsyon an (ULCC) ak Kou siperyè kont yo ak kontansye administratif lan, oswa menm, fè apèl ak yon sosyete odit endependan.

## **Nan sa ki gen awè ak ankadreman teknik pou agrikiltè yo ak devlopman sektè agrikòl lan**

Gouvènman an dwe :

- Tabli mekanis ranfòsman òganizasyon peyizan yo pou ti agrikiltè yo, fanm kou gason, kapab defann dwa yo nan negosyasyon ki konsène yo, tankou nan kreyasyon yon politik komèsyal ki mete lide tout moun ansanm ; prodiktè ak konsomatè.
- Gouvènman ayisyen an dwe genyen nan ajenda li pwogram ki klè, ekilibre, ki reponn ak sa moun yo ki ap bay lajan ap atann de yo epi ki vize kwasans sektè a sou yon long peryòd men tou amelyorasyon kalite lavi pwodiktè peyi a.
- Bay wòl fanm yo ap jwe nan komès pwodui agrikòl la ak rekòlt yo plis enpòtans anndan politik agrikòl lan. Menm jan tou, jan travay lan divize ant fi ak gason dwe youn nan aspè enpòtan politik agrikòl lan nan lide pou akouraje jistis and fanm ak gason ;
- Fè pwomosyon agwo-ekoloji an, ki bezwen mwens pwodui agrikòl ki soti andeyò epi bay sibvansyon pou angrè (san yo pa gratis) pou yo ka pi aksesib pou peyizan yo sou tout teritwa nasyonal lan a yon pri ki pa twò wo pou pa genyen ankèn akizasyon koripsyon ki fèt kont moun yo ki ap fè distribisyon an ;
- Ankouraje eksplwatasyon tè agrikòl yo, sitou sa yo propriyetè yo poko eksplwate epi ranfòse kapasite agrikiltè yo nan tout peyi a pou sektè a ka pwogrese, ak rechèch ak eksperyans ;
- Bay apwòch pwogram lan priyorite nan aplikasyon politik agrikòl lan nan lide pou ranfòse devlopman sektè agrikòl lan pou lontan. Fòk tou, li konsantre'l sou antrepriz agrikòl yo (agwo-endistri) ak sèvis andeyò kapital lan (kreyasyon anlwa, edikasyon, sante ak lòt ankò) pou favorize devlopman agrikòl lan epi kanpe moun yo ki ap kite zòn pwovens yo ;
- Bay ministè Anviwònman an resous tankou moun ki ka travay ak lajan, epi ranfòse politik anviwonmantal lan nan lide pou batay pi byen kont degradasyon anviwònman an. Ministè Agrikilti a ak Anviwònman yo dwe travay ansanm epi pran aksyon pou pwoteje resous natirèl yo pandan lontan.
- Mete nan tout lekòl yo sou teritwa nasyonal lan, yon sèvis sivik ki ta jwe ròl li nan plante pye bwa pou rebwaze peyi a, pwoteje tè yo ak bèj yo, epi sensibilize moun pi plis sou enpòtans pou yo pwoteje anviwonman an ;
- Bay ogmantasyon pwodiksyon a enpòtans nan politik agrikòl la epi



tabli lantman tarif dwann pou pwoteje pwodiktè ayisyen yo.

## **Rekòmandasyon pou moun yo ki ap bay lajan kit se de enstans ansanm oswa plizyè enstans ansanm**

Moun yo ki ap bay lajan dwe :

- Travay pou ranfòse sosyete sivil lan nan entegre òganizasyon lokal yo nan kreyasyon ak aplikasyon pwogram yo. Sa pral ede ranfòse plizyè òganizasyon nan sosyete sivil lan ki ap nan yon pozisyon pou yo egzije efikasite pwogram yo epi ki ap ka asire suivi a fèt sou yon long peryòd ;
- Travay pou ranfòse ministè Lagriculture ak Anviwonmanyò nan lide pou yo kapab jwe yon wòl dirijan nan sektè agrikòl lan ;
- Kontinue favorize sekirite alimantè ak bòn gouvènans nan lagrikilti ak nan politik èd pou devlopman yo, pandan yo teni kont de estrateji PNIA a epi bay mwayen finansye pou li kapab aplike ;
- Tabli yon mekanis suivi ki pral pèmèt evaliye efikasite èd la yap bay, men tou, respekte angajman yo te pran Punta Cana nan sa ki gen awè ak PNIA an ;
- Konsantre jefò yo sou finansman pou achte èd alimantè a nan nivo lokal lan, san yo pa bliye reyalyte mache lokal yo ;
- Tabli lyen ant politik èd yo ak politik komèsyal yo ;
- Fè refòm sibvansyon diri a nan peyi konsène yo ki ap ekspòte pou elimine yon pratik yo rele dumping ki nui pwodiktè Ayisyen yo.

## **Rekòmandasyon pou ONG yo ki ap travay nan sektè agrikòl lan**

ONG yo dwe :

- Envesti pi plis nan ranfòsman òganizasyon sosyete sivil yo pou yo ka enfluyans divès aktè yo ki touche ak pwoblèm yo nan sektè agrikòl lan ;
- Travay sou jistis ant fanm ak gason nan entèvansyon yo, nan lide pou redui inégalite sosyal yo nan peyi a ;
- Tabli yon patnarya ak inivèsite nasyonal yo pou ankouraje rechèch epi veye pou rezilta rechèch sa yo aplike nan sektè agrikòl lan ;
- Sansibilize tout aktè yo nan sektè pou yo pwoteje anviwonman an epi pou yo ka adapte ak chanjman klimatik yo.

# BIBLIYOGRAFI

*Planter Maintenant* Défis et occasions pour l'agriculture dans le cadre de la reconstruction d'Haïti (*Plante Kouneya*, Defi ak opòtinite pou lagrikilti nan kad rekonstriksyon peyi Dayiti a). Oxfam International, octobre 2010.

*Plan directeur de vulgarisation agricole* (Plan direktè vilgarizasyon agrikòl lan), MARNDR, imprimerie NAPCO, Port-au-Prince, mars 2011.

*Actualisation du plan national de sécurité alimentaire* (Reyadaptasyon plan nasyonal sekirite alimantè lan), PNSAN, Imprimerie NAPCO, Port-au-Prince, mars 2010.

*La politique du développement agricole d'Haïti* (*Politik devlopman agrikòl peyi Dayiti a*), MARNDR, imprimerie NAPCO, Port-au-Prince, mars 2011.

*CNSA et Famine Early Warning System Network*, FEWSNET : Etat de la sécurité alimentaire dans le pays (*CNSA ak Sistèm pou detekte pwoblèm grangou bonè*, FEWSNET : Eta sekirite alimantè a nan peyi a), septembre 2011.

*Haïti : Des catastrophes naturelles à la sécurité économique*; Rapport au Secrétaire Général des Nations Unies (*Ayiti : Soti nan katastwòf natirèl rive nan sekirite ekonomik* ; Rapò pou sekretè jeneral Nasyonzini yo). Paul COLLIER, Department of Economics Oxford University, janvier 2009.

*Plan National d'investissement Agricole* (Plan nasyonal pou investisman agrikòl lan), MARNDR, imprimerie NAPCO, septembre 2010.

*Rebati Lavi sou Lòt Fondasyon*, document préparé par Oxfam International dans lequel s'inscrit la stratégie d'Oxfam pour la Reconstruction d'Haïti (yon dokiman Oxfam entènasyonal ekri ki dekri estrateji Oxfam lan pou rekonstwi Ayiti) mars 2010.

*Le Document de Stratégie Nationale pour la Croissance et la Réduction de la Pauvreté*, DSNCRP, Document officiel du gouvernement, 2008 (*Dokiman estrateji nasyonal lan pou kwasans ak rediksyon pòvte a*, DSNCRP, dokiman ofisèl gouvènman an, 2008).

*Le Plan d'Action pour le Relèvement et le Développement National (PARDN)* Les grands chantiers pour l'avenir. Plan du gouvernement pour la reconstruction (*Plan aksyon pou releve ak devlope nasyon an* (PARDN) Gwo chantye yo pou lavni. Plan gouvènman an pou rekonstwi peyi a), mai 2010.

*Oxfam Québec en Haïti* : Réponse Humanitaire d'Oxfam Québec en Haïti ; (*Oxfam Québec nan peyi Dayiti* : Repons imanité Oxfam québec bay Ayiti ) ; Bilan 2010-2011.

*Philippe TELLER* : Pastorale de la terre, MISEREOR, GADRU, Dépôt légal 04-12-500, Bibliothèque National d'Haïti. (*Philippe TELLER* : Pastoral tè a, MISEREOR, GADRU, Depo legal 04-12-500, Bibliyotèk Nasyonal Dayiti a).

Chita pale ak IICA a an Ayiti.

Chita pale ak direktè jeneral ministè Agrikilti a.

Chita pale ak Chavannes Jean-Baptiste, direktè egzekitif MPP a.

Chita pale ak Marc-Josué, responsab seksyon agrikilti a nan ACDI a, Pòtoprens.

Chita pale ak Philippe Mathieu, ansyen direktè Oxfam-Québec lan an Ayiti.

Chita pale ak Moïse Jean-Pierre ki nan ministè anviwonman an.

Chita pale ak Franck Saint Jean, responsab agrikilti a nan Platfòm ayisyèn  
pledwaye pou yon devlopman altènatif (PAPDA).

Chita pale ak Chenet Jean-Baptiste ki nan ITECA a.

Chita pale ak de manm RACPABA a nan Ti Rivyè Latibonit lan.

Chita pale ak de manm nan Federasyon nasyonal pwodiktè diri yo an Ayiti  
(FENAPRIH).

Chita pale ak Albert ki nan Kolektif lit kont eskizyon sosyal lan (CLES)

Chita pale ak Diego Arias, Responsab seksyon agrikilti a nan Bank mondyal lan.

Chita pale ak Gilles Damais, responsab seksyon agrikilti a nan BID lan.

Chita pale ak Gary Mathieu, ki nan Kowòdinasyon nasyonal sekirite alimantè a  
(CNSA).

Chita pale ak Evelyne Pérard, ansyèn direktis pwogram nasyonal Kantinn  
eskolè a (PNCS).

Chita pale ak yon responsab nan Gwoup apui pou devlopman dirab lan  
(GADRU).

Chita pale ak Marie Denise Samson, responsab seksyon agrikilti a nan Intermon  
Oxfam an Ayiti.

Chita pale ak Yvenock nan Agropresse.

Chita pale ak Pierre-André Guerrier, yon agwonòm pwofesyonèl ki se tou  
responsab devlopman afè yo nan Oxfam-Québec.

Chita pale ak Pierre-Richard ki nan Koperativ produktiv Dayiti yo (PCH).

Chita pale ak responsab sekirite alimantè a nan Vizyon mondyal Ayiti.

Chita pale ak Camille Chalmers yon responsab nan PAPDA a.

Sit entènèt yo nou te itilize

<http://www.agropressehaiti.org>

<http://www.cnsahaiti.org>

<http://www.ihsi.ht>

<http://www.fewsnet.org>

<http://www.agriculture.gouv.ht>

<http://www.fao.org>

<http://www.feedthefuture.gov>

<http://haiti.usaid.gov>

<http://www.acdi-cida.gc.ca>

<http://haiti.humanitarianresponse.info/>

# ANÈKS

## SA MOUN YO KI AP BAY ANPIL LAJAN POTE POU AGRIKILTI PEYI A

Moun **Asosiyasyon entènasyonal devlopman** (IDA) yo, yon mekanis Bank mondyal lan pou peyi ki pi pòv yo, bay Ayiti yon kantite lajan san parèy ki rive 530 milyon dola ameriken nan kad yon estrateji ki vize reponn ak kriz peryòd 2012 rive 2014 lan. Menm lè se sèlman 10 % nan lajan sa li gen tan bay, IDA a se youn nan senk pi gwo enstitisyon yo ki deja bay Ayiti lajan.

Bank mondyal lan ansanm ak Bank entèamerikèn devlopman an (BID) epi Pwogram global pou agrikilti a ak sekirite alimantè a (GAFSP) ansanm ak MARNDR lan deside kreye yon Plan kad gestyon anviwonmantal ak sosyal (PCGES) pou peyi a pou nouvo pwojè Ranfòsman sèvis piblik agrikòl II a (RESEPAG II)<sup>31</sup> ki pèmèt idantifye risk agrikilti a ak anviwonman an ap fè fas epi defini mekanis yo ki pral mete an plas pou ralanti epi revire konplètman pwosesis degradasyon peyi a. Jan plan a kreye, li dwe yon fason pou chwazi enpak anviwonmantal ak sosyal tout aktivite pwojè a dwe genyen. Li pèmèt tou evaliyasyon pou chak aspè, yon fason laj ki teni kont de lavni a, enpak anviwonmantal ak sosyal entèkansyon MARNDR yo, li prevwa kèk kritè pou fè evaliyasyon entèkansyon li yo epi tou mezi pou ralanti oswa chanje.

Pwojè transfè teknoloji yo pou agrikiltè Nò ak Nòdès yo epi ranfòsman sèvis piblik agrikòl RESEPAG II yo te lanse Okap jou ki te 2 fevriye 2012 lan. Pwojè sa yo gen awè ak teritwa nasyonal lan sou plizyè aspè. Genyen yon total senk aspè ki se sèvis nasyonal pou semans, repons ki pou bay nan ka ijans nan sektè agrikòl lan epi apui mache a pou sèvis distribisyon ak inovasyon agrikòl lokal yo.

Montan total pou de pwojè sa yo Bank mondyal lan estime lap 90 milyon dola ameriken. Resous sa yo Ayiti pap genyen pou'l remèt, se GAFSP lan ki bay yo ak yon montan 35 milyon dola, se tou yon don 15 milyon dola BID lan bay ak Bank mondyal lan ki bay 40 milyon dola ameriken.

Gouvènman Repiblik Dayiti a resevwa yon don 30 milyon dola nan men **BID lan** ki pral konplete byento ak yon kofinansman 9 milyon dola gouvènman Nòvej lann pral bay, pou mete Pwogram pou diminue enpak dezans natirèl yo (PMDN) nan twa basen vèsan : Gran Rivyè di Nò, Okay (Ravinn Sid lan ak rivyè Acul lan) epi Cavayon, pou yon lajè total 165.000 ekta. Objektif pwogram nan sou yon long peryòd, se redui risk anviwonmantal ak sosyo-ekonomik popilasyon yo ki ap viv nan basen vèsan yo ki sible. Pwogram lan pral finansyon yon seri aksyon ki pral vize redui risk, ki antre nan twa aspè sa yo : a) investisman nan enfrastikti pwoteksyon ; b) yon apui dirèk pou fè pwomosyon yon agrikilti ki pou dire lontan nan basen vèsan yo ; c) ranfòsman enstitisyon yo pou pou yon jestyon basen vèsan yo ki pou fèt sou yon long peryòd.

SYFAAH an se yon nouvo pwojè 20 milyon dola ki tabli sou 7 lane (2011-2018) **ACDI a** finanse, ki separe sou de faz. Premye faz lan dwe dire 4 lane epi li vize devlopman modèl pwodui ki adapte ak agrikilti divès pwodui tankou banann, li vize elvaj, ak pwomosyon kilti fwi, legim ak diri. Pwojè sa ki prezan nan depatman Latibonite lan ak Lwès, vize bay ti pwodiktè yo yon sipò teknik epi mete sou pye yon fon garanti ak asirans rekòlt yo pou agrikiltè yo.

Pwojè sa vize batay kont ensekirite alimantè a nan amelyore randman sektè agrikòl la an Ayiti. Li chita sou yon sistèm finansman ak kredi epi asirans agrikòl, ki ankouraje bank komèsyal yo ak koperativ kredi yo bay antrepriz agrikòl yo kredi konstan epi tou ede moun yo ki ap fè eksplwatasyon agrikòl jere risk ak tout sa ki difisil pou prevwa. Pwojè a ede tou Gouvènman ayisyen an ak enstitisyon finansyè yo nan peyi a adopte kad lega lak règ pou Biwo kredi agrikòl lan kapab jere yon sistèm sèvis kredi ak asirans pou ti ak mwayen pwodiktè agrikòl yo. Dezyèm faz lan vize etann pwojè a sou tout teritwa ayisyen an.

Pwogram devlopman lokal yo (PDLH), ACDI a finanse ak 20 milyon dola, etann yo sou yon peryòd 7 lane epi li vize ede kolektivite teritoryal yo bay yon gouvènans lokal ki pi bon a travè yon devlopman sosyal ak ekonomik epi kreyasyon richès. Objektif lan se ranfòse desantralizasyon an nan a) ranfòse ministè Enteryè ak Planifikasyon an ; b) kore pwosesis devlopman lokal la ak pwojè devlopman ki soti anndan lokalite yo ; c) fòmasyon nan rechèch ak devlopman lokal ; d) apui pou antreprenè. Genyen onz pwojè pou antreprenè oswa pou kreye yon fason pou lajan ka rantre ki ap aplike kounyea sou teren an, yo enkli kann, lèt, mang, pentad elatriye.

**Gouvènman ameriken a**, ak USAID a kòm entèmedyè, mete sou pye yon pwogram 2011-2016 ki rele « Feed the Future » (« Nouri lavni ») pou yon montan 110 milyon dola<sup>32</sup>. Pwogram sa vize ogmante pwodiktivite agrikòl lan, ranfòse òganizasyon sosyete sivil yo, pwoteje anviwonman an ak ranfòse mache agrikòl yo.

Pwojè « Watershed Initiative for National Natural Environmental Resources » (WINNER) USAID an pran angajman pou'l travay pou ogmante pwodiktivite a a travè yon akò li siyen nan mwa avril 2011 lan avèk MARNDR lan, nan ofri 10 000 peyizan sèvis labouraj mekanize epi nan distribiye grèn pou plante ak angrè ki reponn ak nòm yo epi ki adapte ak zòn kote pou yo itilize yo. Akò an pote tou sou rouzaj mòso tè yo ak yon apui teknik ki pral ede yo reyusi plantasyon yo. WINNER, ki finanse ak 126 milyon dola, se yon pwojè 5 lane (2010-2015) ki vize reyabilite enfratrikti riral yo, ranfòse pwodiktivite ak kapasite agrikòl lan pandan lap kore bòn gouvènans resous natirèl yo. WINNER bay anpil apui pou pwodiksyon viv ak diri, epi kounyea, lap ede fè sistèm rizikilti entansiv la vanse, yon apwòch agwo-ekolojik<sup>33</sup>.

Nan moman sa, genyen kat pwojè rechèch regyonal peyi Lafrans ap fè ki konsène, a) siveyans epidemi ak sante bèt yo, b) devlopman agwo-ekoloji a pou kilti fwi ak legim, c) bon fonksyonman sistèm dlo a nan de basen vèsan, d) yon pwojè sou amelyorasyon kilti banann nan yon chan ki byen rouze, nan yon tèt kole Enstiti rechèch finansman pou devlopman an ak CIRAD lan fè, ke **Ajans fransèz devlopman an** (AFD) finanse.

AFD an finanse yon pwojè sektoryèl pou rouze (9,6 milyon ewo), ak yon pwogram ranfòsman kapasite komèsyal yo pou kilti kafe yo pou yon montan ki preske rive 900 000 ewo<sup>34</sup>. Kounyea lap travay sou yon **pwojè sekirite alimantè ak pwodiksyon agrikòl** nan departman Sid lan pou li kapab aplike pandan ane 2012 la.

### **Pwogram èd alimantè a : pwodui yo ki achte lokal<sup>35</sup>**

Depi 2005, pwogram èd alimantè Lafrans ap finanse genyen twa objektif : byen tabli baz sekirite alimantè yo, relanse pwodiksyon lokal la epi pote yon pòsyon manje bay gwoup yo ki pi vilnerab.

Pwogram acha lokal la, ki fèt nan tèt kole ak MARNDR lan, asosiyasyon pwodiktè agrikòl yo, Pwogram alimantè mondyal lan (PAM) ak Òganizasyon nasyonzini yo pou alimantasyon an ak agrikilti a (FAO), pèmèt non sèlman relanse pwodiksyon lokal la nan bay òganizasyon pwodiktè agrikòl yo (OPA) apui, fè fanmi yo nan zòn riral benefisye bon sipò finansye, men tou nan batay kon malnitrisyon nan distribiye pwodiksyon lokal lan nan kantin eskolè yo ak nan sant sante yo. Fenomèn malnitrisyon an afekte preske 40 % fanmi yo. Yo estime genyen preske 2,4 milyon moun ki pa rive jwenn kantite kalori Òganizasyon mondyal lasante a rekòmande (2 240 calories) fòk yo ta jwenn chak jou. Nan lane 2010 lan, èd peyi Lafrans nan sa ki gen awè ak alimantasyon te rive 3,4 milyon ewo : yo te bay 2 milyon ewo aprè tranbleman tè a, nan lide pou apuiye aksyon PAM ak ONG a ki rele Aksyon kont grangou (ACF), epi 1,4 milyon ewo te depanse tou pou rapousuiv pwogram acha lokal la, sa ki te pèmèt yo livre bay PAM 1 000 tòn metrik sereyal (diri ak mayi moulu). Òganizasyon pwodiktè yo, ki se patnè pwogram sa, te benefisye tou yon finansman pou rann enfrastrikti yo miyò epi modènize ekipman yo (depo, teknoloji pou sechaj, moulen ak motè, elatriye) nan lide pou yo kapab reponn pi byen ak demand nan kantite ak nan kalite. Lafrans ak Brezil se de patnè Ayiti konte anpil sou yo pou PNCS lan ki fè pwomosyon pwodui lokal yo nan lekòl piblik yo.

**Inyon ewopeyèn lan** a travè Pwogram apui pou ranfòse sosyete sivil ayisyèn lan (PARSCH) pote yon kontribisyon enpòtan bay òganizasyon sosyete sivil yo nan sektè agrikòl lan. Objektif jeneral pwogram lan se byen òganize epi ranfòse metòd gouvènans nan nivo kominal, departmantal ak nasyonal yo. Nan sans sa, objektif sa se ranfòse demokrasi a nan tabli bon jan dyalòg ant Leta a ak sosyete sivil lan. Objektif espesifik lan se pèmèt sosyete sivil lan vinn pi janm pou li ka pozisyone li kòm yon entèlokite Leta a epi aji aktivman nan devlopman peyi a. Pwogram sa finanse ak 7 800 000 ewo.

### **Brezil ak Venezwela : de aktè ki enpòtan anpil nan koperasyon Sid-Sid lan.**

#### a) Brezil

Peyi Brezil, Etazini ak Ayiti yo siyen yon akò jou ki te 9 avril 2012 lan ki prevwa yon kolaborasyon ant USAID a, sosyete etatik brezilyèn agwonomi Embrapa an epi MARNDR lan pou ka genyen yon varyete kilti diri, mayi, ariko ak mang ki miyò, nan kèk eksplwatasyon nan plizyè regyon peyi a<sup>36</sup>.



Pwojè senk lane sa baze sou inisyativ alimantè pou lavni a (Feed the Future) Etazini yo genyen pou amelyore estabilite basen vèsan yo epi ranfòse mache agrikòl yo. Li vize ede ayisyen yo ki ap viv nan kondisyon difisil soti nan pòvte ak grangou epi tou, li vize bay timoun bon alimantasyon a yo bezwen pou yo ka devlope kòm sa dwa.

Twa gouvènman yo pran angajman pou yo :

- Teste nouvo varyete mayi, diri, ariko ak lòt kilti ankò ;
- Mete soup ye nouvo sistèm agrikòl ki itilize mwens dlo, angrè ak grèn pou plante ;
- Rann pwodiksyon mang yo miyò ;
- Itilize teknoloji yo ki egziste pou sere grèn semans yo ak legim ;
- Pèmèt agrikiltè yo itilize tè yo pou yo ka pwodui manje ak bwa pandan lontan ;
- Ofri pwogram echanj ak fòmasyon pou agrikiltè yo ak moun ki ap fè rechèch.

b) Venezwela a

Prezidan Repiblik Dayiti a, Michel Joseph Martelly, ansanm ak prezidan venezwelyen a, Hugo Chavez, siyen yon akò-kad, koperasyon<sup>37</sup> jou ki te 5 fevriye 2012 lan ki vize ogmante èd Venezwela a. Akò sa pote sou koperasyon, kredi yo ak investisman dirèk nan domèn lagrikilti a, pwodiksyon, devlopman endistriyèl, enèji, touris ak lòt ankò.

Akò sa vize tou kreyasyon ko-antrepriz pou travay nan sektè agrikilti a, kreye anlwa, ogmante kapasite pwodiksyon agrikòl lan, kote Ayiti pral bay moun pou fè travay yo ak tè yo, epi Venezwela a ap bay teknoloji an, ekipman yo ak kredi pou agrikiltè yo. Venezwela a pral travay tou ak konpayi prive yo pou ankouraje yo investi nan peyi a.

Nan okazyon somè Alyans bolivaryèn pou amerik yo (ALBA), peyi manmb yo mete yo dakò pou ranfòse koperasyon yo avèk Ayiti a travè yon « plan espesyal pou Ayiti ». Nan koperasyon an ant ALBA a ak Ayiti, pral genyen investisman yo, koperasyon teknik lan ak fòmasyon nan domèn lasante, edikasyon, enèji, pwodiksyon agrikòl ak enfrastrikti yo.

# NÒT YO

- <sup>1</sup> CONILLE, Gary. Deklarasyon politik jeneral Premye minis lan devan Asanble jeneral la nan Palman ayisyen an, oktòb 2011.
- <sup>2</sup> <http://iomhaitidatportal.info/dtm/>
- <sup>3</sup> Egalite ak ekite ant fanm ak gason nan tout sektè lavi a. Mete travay lan pou egalite ant fanm ak gason nan kontèks yon apwòch ki baze sou dwa moun. Rezilta li, se patisipasyon fanm, ansanm epi nan yon lespri egalite ak gason, nan defini politik, estrikti ak desizyon ki afekte vi yo ak sosyete yo pandan yo teni kont de enterè yo ak priyorite kòm fanm nan sosyete a. Ideyoloji sa entegre yon nouvèl ide sou fanm ak gason nan defini ak aplike dwa sivil yo, politik, ekonomik ak sosyal.
- <sup>4</sup> CONILLE, Gary. Deklarasyon politik jeneral Premye minis lan devan Asanble jeneral la nan Palman ayisyen an, oktòb 2011.
- <sup>5</sup> Feed the Future (nouri lavni), *Haiti: FY 2011-2015 Multi-year Strategy (estrteji ki tabli sou plizyè lane)*, Washington: USAID, 2011.  
[http://www.feedthefuture.gov/sites/default/files/country/strategies/files/HaitiFeedtheFutureMultiYearStrategy\\_Public\\_FINAL.pdf](http://www.feedthefuture.gov/sites/default/files/country/strategies/files/HaitiFeedtheFutureMultiYearStrategy_Public_FINAL.pdf)
- <sup>6</sup> [http://www.gafspfund.org/gafsp/sites/gafspfund.org/files/Documents/Haiti\\_NationalAgricultureInvestmentPlan.pdf](http://www.gafspfund.org/gafsp/sites/gafspfund.org/files/Documents/Haiti_NationalAgricultureInvestmentPlan.pdf)
- <sup>7</sup> Ayiti. KOWÖDINASYON NASYONAL POU SEKIRITE ALIMANTÈ A (CNSA). *Enquête Nationale de la Sécurité Alimentaire (Ankèt nasyonal sou sekirite alimantè a)(ENSA)*, mas 2012.
- <sup>8</sup> Ayiti. Chita pale ak minis Ekonomi ak Finans lan, André Lemercier Georges, fevriye 2012.
- <sup>9</sup> Kesner Pharel, ekonomis, nou site'l nan emisyon , *Investir lan*, jou ki te 23 avril 2011 lan.
- <sup>10</sup> Chita pale ak M. Baudin.
- <sup>11</sup> [http://www.agriculture.gouv.ht/view/01/IMG/pdf/VERSION\\_PNSAN\\_12\\_Mars\\_2010.pdf](http://www.agriculture.gouv.ht/view/01/IMG/pdf/VERSION_PNSAN_12_Mars_2010.pdf)
- <sup>12</sup> <http://www.agriculture.gouv.ht/view/01/?ABA-GRANGOU-Programme-National-de>
- <sup>13</sup> CNSA/ENSA, mas 2012 ; Dènye rapò PNUD lan 2011 ak rapò FAO an, Rome 2010 epi IHSI (Enstiti ayisyen estatistik ak enfòmasyon).
- <sup>14</sup> Chif IHSI yo pou lane 2010 lan.
- <sup>15</sup> OXFAM ENTÈNASYONAL. *Planter Maintenant (Plante Kouneya)*, 2010, pp 13-14.  
[http://www.oxfam.org/sites/www.oxfam.org/files/bp140-planting-now-agriculture-haiti-051010-fr\\_0.pdf](http://www.oxfam.org/sites/www.oxfam.org/files/bp140-planting-now-agriculture-haiti-051010-fr_0.pdf)
- <sup>16</sup> AYITI. MINISTÈ AGRİKILTIL A. (direktè jeneral ministè Agrikilti a) fevriye 2012.
- <sup>17</sup> Wap jwenn nan anèks lan detay sou diferan pwogram moun yo ki ap bay lajan yo ap dirije nan peyi a.
- <sup>18</sup> BANK MONDYAL. Repons ak kesyonè revizyon plante kouneya pou moun yo ki ap bay lajan.
- <sup>19</sup> BANK ENTÈAMERIKÈN POU DEVLOPMAN AN. Repons ak kesyonè revizyon plante kouneya pou moun yo ki ap bay lajan.
- <sup>20</sup> Kanada konsakre plis pase 5 milyon dola pou sa ki gen awè ak chajman klima a ak pwoteksyon anviwonman an.
- <sup>21</sup> Daprè chita pale yo nou te genyen ak responsab seksyon agrikilti a nan ACIDI an Ayiti.
- <sup>22</sup> Cyprien L. Gary (2008) "Pour un palliative à la crise du riz," *Le Nouvelliste*, 14/4/ 08 ; Environmental Working Group (2012) On-line Farm Subsidy Database, <http://farm.ewg.org/>; US Agency for International Development (2010) *USAID Office of Food for Peace Haiti Market Analysis*, Washington, DC: USAID.
- <sup>23</sup> <http://www.foreign.senate.gov/hearings/hearing/?id=3f546a93-d363-da0b-b25f-f1c5d096ddb1>
- <sup>24</sup> Ibid.
- <sup>25</sup> Gade nan anèks lan pou'w ka genyen plis enfòmasyon sou koperasyon Sid-Sid lan.
- <sup>26</sup> <http://www.haitilibre.com/article-5379-haiti-agriculture-accord-tripartite-etats-unis-bresil-haiti.html>
- <sup>27</sup> AJANS AYISYÈN ENFÒMASYON SOU AGRİKILTIL A AK DEVLOPMAN RIRAL LAN.  
[http://www.agropressehaiti.org/public/Liste\\_article.php](http://www.agropressehaiti.org/public/Liste_article.php)
- <sup>28</sup> <http://www.papda.org/index.php3>
- <sup>29</sup> Fanm yo ki fè gwo komès, ki ap vwayaje nan tout peyi a epi ki pèmèt popilasyon an jwenn tout pwodui alimantè lokal yo tout kote nan peyi a.
- <sup>30</sup> CHAVANNES, Jean-Baptiste Direktè egzekitif Mouvmant peyizan papaye, nan chita pale a li te genyen ak responsab pldwaye nan Oxfam Amerik lan ak Oxfam-Québec an Ayiti, fevriye 2012.
- <sup>31</sup> Ale sou lyen entènèt sa ministè Agrikilti a : <http://www.agriculture.gouv.ht/view/01/?Vers-un-Plan-Cadre-de-Gestion>
- <sup>32</sup> ETAZINI. *Haiti FY 2011-2015 Multiyear strategy (estrteji ki tabli sou plizyè lane)*, [Sou entènèt lan], 2011, 38 p.  
[http://www.feedthefuture.gov/sites/default/files/country/strategies/files/HaitiFeedtheFutureMultiYearStrategy\\_Public\\_FINAL.pdf](http://www.feedthefuture.gov/sites/default/files/country/strategies/files/HaitiFeedtheFutureMultiYearStrategy_Public_FINAL.pdf)
- <sup>33</sup> Referans : <http://www.haitilibre.com/article-2791-haiti-agriculture-protocole-d-accord-pour-renforcer-la-production-agricole.html>
- <sup>34</sup> <http://www.ambafrance-ht.org/Secteur-de-l-agriculture-et-du>
- <sup>35</sup> <http://www.senat.fr/commission/fin/pilf2012/np/np04/np0419.html>
- <sup>36</sup> <http://www.haitilibre.com/article-5379-haiti-agriculture-accord-tripartite-etats-unis-bresil-haiti.html>
- <sup>37</sup> <http://www.haitinews509.net/2012/02/haiti-economie-haiti-et-le-venezuela-signent-un-macro-accord-de-cooperation/>

© Oxfam Entènasyonòl oktòb 2012

Dokiman enfòmasyon sa, se Tonny Joseph ki ekri'l. Oxfam remèsye tout moun yo ki te patisipe nenpòt ki jan nan reyalizasyon dokiman sa, nap site Gabriela Alcaraz, Angela Bruce-Raeburn, Constantino Cassabuenas, Peleg Charles, Marc Cohen, Amélie Gauthier, Maura Hart, Lina Holguin, Christine Laliberté, Philippe Mathieu, Jonathan Mazliah, Yasmine Shamsie, Francisco Yermo, ak anpil lòt kòlèg Oxfam yo an Ayiti, nan Québec, Ozetazini, ak nan peyi Lespagn. Dokiman sa fè pati yon seri tèks ki ekri pou enfòmasyon ak patisipe nan deba piblik sou pwoblèm ki gen awè ak devlopman ak politik nan lemond yo.

Dokiman sa ka itilize san pwoblèm si se pou fè kanpay, edikasyon oswa rechèch men fòk moun nan site sous lan. Moun nan ki gen dwa dotè yo sou dokiman sa mande nenpòt ki moun ki ta renmen itilize dokiman sa fè'l konnen pou li kapab fè avaliyasyon. Pou fè kopi nan nenpòt ki lòt sikonstans, reyitilize dokiman sa nan lòt piblikasyon, tradui li oswa reyadapte li, fòk se moun nan ki gen dwa yo sou dokiman sa ki bay moun nan pèmision'l. Li gen dwa tou mande lajan pou sa. Adrès e-mail: [publish@oxfam.org.uk](mailto:publish@oxfam.org.uk)

Pou tout lòt enfòmasyon, tanpri ekri nou nan:  
[advocacy@oxfaminternational.org](mailto:advocacy@oxfaminternational.org)

Tout enfòmasyon yo nan dokiman sa te bon nan moman li te enprime.

Se Oxfam GB ki pibliye dokiman sa pou Oxfam Entènasyonòl nimewo ISBN sa 978-1-78077-176-2 Oktòb, 2012. Oxfam GB, Oxfam House, John Smith Drive, Cowley, Oxford, OX4 2JY, Royaume-Uni.

## OXFAM

Oxfam se yon konfederasyon entènasyonòl ki regwoupe 17 òganizasyon ki ap travay ansanm nan 92 peyi pou jwenn solisyon sou yon long peryòd pou pòvte ak enjistis.

Oxfam Amérike (Oxfam Amerik) ([www.oxfamamerica.org](http://www.oxfamamerica.org)),  
Oxfam Allemagne (Oxfam Almay) ([www.oxfam.de](http://www.oxfam.de)),  
Oxfam Australie (Oxfam Ostrali) ([www.oxfam.org.au](http://www.oxfam.org.au)),  
Oxfam-en-Belgique (Oxfam nan peyi Beljik) ([www.oxfamsol.be](http://www.oxfamsol.be)),  
Oxfam Canada (Oxfam Kanada) ([www.oxfam.ca](http://www.oxfam.ca)),  
Oxfam France (Oxfam Lafrans) ([www.oxfamfrance.org](http://www.oxfamfrance.org)),  
Oxfam Grande-Bretagne (Oxfam Wayòm Inni) ([www.oxfam.org.uk](http://www.oxfam.org.uk)),  
Oxfam Hong Kong ([www.oxfam.org.hk](http://www.oxfam.org.hk)),  
Oxfam Inde (Oxfam Lend) ([www.oxfamindia.org](http://www.oxfamindia.org)),  
Intermòn Oxfam Espagne (Oxfam Lespagn) ([www.intermonoxfam.org](http://www.intermonoxfam.org)),  
Oxfam Irlande (Oxam Irland) ([www.oxfamireland.org](http://www.oxfamireland.org)),  
Oxfam Italie ([www.oxfamitalia.org](http://www.oxfamitalia.org)),  
Oxfam Japon ([www.oxfam.jp](http://www.oxfam.jp)),  
Oxfam Mexico (Oxfam Meksik) ([www.oxfammexico.org](http://www.oxfammexico.org)),  
Novib Oxfam Pays-Bas (Oxfam Peyi Ba yo) ([www.oxfamnovib.nl](http://www.oxfamnovib.nl)),  
Oxfam Nouvelle-Zélande (Oxfam Nouvèl Zelann) ([www.oxfam.org.nz](http://www.oxfam.org.nz)) et  
Oxfam Québec (Oxfam Kebèk) ([www.oxfam.qc.ca](http://www.oxfam.qc.ca))

Pa gen pwoblèm pou w kontakte òganizasyon yo ki fenk site, nan telefòn oswa sou entènèt lan, pou tout lòt enfòmasyon. Ou ka vizite sit sa tou:  
[www.oxfam.org/fr](http://www.oxfam.org/fr)

Courriel: [advocacy@oxfaminternational.org](mailto:advocacy@oxfaminternational.org)